

Why did Jesus Die?



1. Bhaibheri rinotiudza kuti tose tirivatadzi uye tinotoda ruregerero kubva kuna Mwari.

Mako 2:17 Akati achinzwa izvozvo, Jesu akati kwavari, “Vasingarwari havatsvaki chiremba, asi vanorwara. Handina kuuya kuzodana vakarurama, asi vatadzi.”

Varoma 3:10 Sezvazvakanyorwa zvichinzi: “Hakuna akarurama, kunyange nomumwe;

Mateo 18:11 Nokuti Mwanakomana woMunhu akauya kuzoponesa chakarasika.

2. Zvitadzo zvedu zvakatipa rufu rusingaperi.

Matt 15:18-20 Asi zvinhu zvinobuda mumuromo zvinobva mumwoyo, izvozvi ndizvo zvinosvibisa munhu. Nokuti mumwoyo munobuda pfungwa dzakaipa, umhondi, upombwe, unzenza, umbavha, uchapupu hwenhema nokureva nhema pamusoro pavamwe vanhu. Izvi ndizvo zvinosvibisa munhu, asi kudya asina kushamba maoko hazvimusvibisi.”

Varoma 6:23a Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu, asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu.

Mako 16:16b Ani naani anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa, asi asingatendi achatongwa.



Zvitadzo zvedu zvakatipa rufu rusingaperi.

3. Jesu akafira pamuchinjikwa, achitora mutongo wedu uyo waive rufu.

Mateo 1:21 Achava nomwana mukomana wauchazotumidza zita rokuti Jesu nokuti ndiye achaponesa vanhu vake kubva muzvivi zvavo.”

Varoma 5:8 Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti: Tichiri vatadzi, Kristu akatifira.

JOHANI 3:16 “Nokuti Mwari akada nyika nokudaro, kuti akapa Mwanakomana wake mumwe oga, kuti ani naani anotenda kwaari arege kufa asi ave noupenyu husingaperi.

Mateo 18:11 Nokuti Mwanakomana woMunhu akauya kuzoponesa chakarasika.

4. Ruvimbo rwako munashe richakubatsira kuti uregererwe nokuti ane nyasha netsitsi.

Acts 4:12 Ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro.”

Ephesians 2:8-9 Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza.

Titus 3:5 Sakatiponesa, kwete nokuda kwezvinhu zvakarurama zvatakaita, asi nokuda kwetsitsi dzake. Akatiponesa kubudikidza nokuberekwa patsva nokuvandudzwa noMweya Mutsvene,

5. AJesu kristu uchivimba naye unoregererwa zvitadzo zvako zvese.

Mako 9:23 Jesu akati, “Kana muchigona? Zvinhu zvose zvinogoneka kuna anotenda.”

Mako 1:15 Akati, “Nguva yasvika. Umambo hwaMwari hwaswera. Tendeukai mutende vhangeri!”

Mako 10:15 Ndinokuudzai chokwadi, ani naani asingagamuchiri umambo hwaMwari somwana muduku haangatongopindi mahuri.”

Varoma 10:9-10,13 Kuti kana ukapupura nomuromo wako kuti, “Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa. Nokuti unotenda nomwoyo wako ugoruramiswa, uye unopupura nomuromo wako ugoponeswa. nokuti ani naani anodana kuzita raShe achaponeswa.”



Put your faith in Christ alone!

Kana uchida kutambira Jesu semuponisi wako, shandisa munamoto wakafanana neunotevera. Usakanganwe kuti kungoisa munamoto uyu chete hakukuponisi.kungovimba naShe kunokuraramisa kubva muzvitadzo.munamoto uyu ndewekungotenda ishe nekukuraramisa nekumuratidza ruvimbo rwako maari.

“Mwari,

ndinoziva ndakatadza pamberi penyu uye ndinofanirwa kuwana murango wakakodzera, asi Jesu akatora zvitadzo izvi zvekuti kana ndiine ruvimbo maari neniwo ndicharegererwa. Ndinovimba nemi uye kuti munemasimba nyenya dzekundiregerera. Ndatenda nyenya dzenyu neruregerero rwenyu nemubairo hweupenyu husingaperi.Ameni.”